

Yon dediktib reprezante depans ki sot nan pòch ou, moun asire a, ke ou responsab pou ou peye nan yon reklamasyon ki kouvri. Kantite lajan sa a aplike sou kantite total domaj ki kouvri a pou detèmine responsablite Citizens. Pèman yo fèt sèlman si kantite pèt ki garanti a depase dediktib ou an. Ou ka jwenn enfòmasyon sou dediktib ou a nan paj Deklarasyon kontra asirans ou a.

Tip Dediktib yo

Dediktib yo ka varye, selon tip kontra asirans ou genyen an ak tip reklamasyon w'ap fè a. Yo ka swa yon montan dola fiks, oswa yon montan ki baze sou yon pouvantaj nan Kouvèti A kontra asirans ou a. Kouvèti A kouvri domaj nan estrikti pwopriyete w' la epi li reflete pri pou rekonsrikyon kay ou nan to konstriksyon aktyèl yo.

Dediktib Dola Fiks yo

Dediktib sa yo se yon montan dola fiks (sètadi, \$500, \$1,000 ak \$2,500) ki pa chanje sof si ou achte yon montan dediktib ki pi ba oswa ki pi wo. Ou ka pale sou opsyon dediktib ou yo ak ajan ou.

Dediktib nan Pouvantaj

Dediktib sa yo ka aplike sèlman pou risk byen presi, tankou siklòn oswa twou anba tè, epi yo detèmine yo sou baz yon pouvantaj nan montan Kouvèti A ou la. Pa egzanp, yon Dediktib siklòn 2% sou yon kay ki asire pou \$300,000 nan Kouvèti A t'ap \$6,000.

Dediktib nan pouvantaj yo chanje si montan Kouvèti A a chanje. Amezi kay ou apresye, dediktib ou ap ogmante pwobableman chak ane. Nenpòt amelyorasyon oswa renovasyon ou fè nan kay ou ki ogmante montan total Kouvèti A ap ogmante dediktib ou tou. Asire ou ke ou mansyone nenpòt amelyorasyon ki fèt nan kay la bay ajan ou a pandan egzamen anyèl kontra asirans ou.



Need to report a claim?
Contact Citizens First

Report it online via myPolicy at
www.citizensfla.com/mypolicy
24 hours a day, seven days a week
866.411.2742

Scan QR code to report online



This brochure is for informational purposes. In the event of any inconsistency between this brochure and your insurance policy, the terms of the insurance policy control.

La version en Español esta disponible en
www.citizensfla.com/brochures.

Vèsyon kreyòl ayisyen an disponib sou Entènèt
www.citizensfla.com/brochures.



Citizens Property Insurance Corporation

866.411.2742

www.citizensfla.com

10/23

Dediktib Asirans Pwopriyetè Kay





Lè w'ap konpare pri lavant kontra asirans, mande ajan ou la egzamine montan dediktib yo nan kad evalyasyon ou la. Kèk konpayi ki ofri yon seri dediktib, ki ka ofri pi gwo fleksibilite nan bidjè fwaye ou. Nan pifò ka yo, yon montan dediktib ki pi wo vle di prim ki pi ba.

Chak kouvèti apa ka gen dediktib diferan selon kontra asirans ou. Si kay ou oswa pwopriyete w' andomaje, yon dediktib estanda aplike. Gen kèk kouvèti, tankou kouvèti pèt responsabilite kote ou menm antanke moun ki asire a responsab legalman, sa ki an jeneral pa gen yon dediktib.

Ajan ou a se pi bon resous si ou gen kesyon sou kouvèti ak dediktib byen presi yo pou kontra asirans ou. Planifye yon egzamen kontra asirans pou aprann ki opsyon ki disponib avèk kouvèti asirans ou yo. Anpil nan dediktib ki egzamine nan bwochi sa a ka gen opsyon ogmantasyon ak/oswa diminisyon ki disponib.

Tout Lòt Risk yo

Dapre kontra asirans Pwopriyetè Kay ou, si kay ou andomaje akòz yon risk ki kouvri ki pa yon siklòn oswa yon twou anba tè, dediktib Tout Lòt Risk yo (AOP) aplike. Dediktib AOP yo se yon montan dola fiks.

Lòt Dediktib pou Tanpèt Van (Van Sèlman)

Kontra asirans van sèlman asire kay ou kont domaj tanpèt van. Tip kontra asirans sa yo gen yon dediktib pou Lòt Tanpèt Van ak yon dediktib Siklòn. Dediktib pou Lòt Tanpèt Van an aplike pou domaj akòz yon tanpèt van (tanpèt twopikal, tònad oswa lagrèl) ki pa yon siklòn ki gen non. Anjeneral, dediktib Lòt Tanpèt Van yo se yon montan dola fiks.

Dediktib Siklòn

Dediktib pou Siklòn ou a se yon depans ou responsab pou li ki sot nan pòch ou epi li dwe depase anvan pou Citizens peye pou domaj siklòn ki kouvri nan kontra asirans ou a.

Dediktib pou Siklòn nan an jeneral se yon montan dola ki pi wo pase lòt dediktib kontra asirans yo epi li baze sou yon pouvantaj nan Kouvèti A ou a. Kay ki gen limit kouvèti A ki mwens pase \$100,000 ka gen yon montan fiks pou dediktib Siklòn.

Dediktib pou Siklòn yo aplike sou yon baz ane kalandriye (sètadi Janvye jiska Desanm). Pandan yon sezon ki chaje ak siklòn, y'ap sèlman mande pou ou peye dediktib siklòn

ou a yon sèl fwa – menm si ou fè reparasyon nan plizyè tanpèt ki gen non. Rapòte reklamasyon yo epi kenbe fakti pou reparasyon siklòn yo menm si ou pa atenn dediktib ou a nan yon tanpèt. Nenpòt montan ou peye ap aplike nan dediktib Siklòn ou pou ane kalandriye a, sa ki redui pri ou pou nenpòt lòt tanpèt ane sa a.

Yon fwa ou atenn dediktib Siklòn ou, nenpòt lòt pèt siklòn nan menm ane a ap kouvri ak dediktib Tout Lòt Risk nan kontra asirans ou a.

Dediktib Twou anba tè

Si kontra asirans ou a gen ladan kouvèti Pèt Twou Anba Tè, yon dediktib pouvantaj apa aplike pou pèt ki kouvri ke twou anba tè lakòz. Pou pifò pèt twou anba tè ki kouvri yo, dediktib ou a se 10% montan Kouvèti A ou la.

